*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№121 (26573)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 10 июль – сусæны мæйы 10 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆХСÆНАД
*Ахуыргæнæн семинар*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Бæрæгбонæй**

## Фæзминаг бинонтæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта Бинонтæ, уарзондзинад æмæ æуyæнчы бæрæгбоны кадæн арæзт мадзалы. Сæ иумæйаг цард 25 азæй фылдæр кæмæн у, уыцы бинонты æрхуыдтой æппæт районтæй. Уыдонимæ уыдысты бирæсывæллонджын æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæ.**

Сергей Меняйло кадджын æмбырды архайджытæн раарфæ кодта æмæ загъта, ацы паддзахадон бæрæгбон кæй æвдисы бинонты иудзинад, сæ фæзминаг æууæлтæ.

«Нæ республикæйы бинонты цардмæ кæддæриддæр уыд уæлдай ахаст, хистæртæн кад кæнын та фæлтæрæй-фæлтæрмæ цыдис, кæстæрты хъомыладмæ стыр æргом здæхтой, кæрæдзийы фарсмæ цыфæнды уавæрты дæр вæййынц. Абон уыцы хæзнатæ хъахъхъæд цæуынц, алчидæр нæ цæуы хи фæндагыл. Алы хатт фæндаг лæгъз нæ рауайы, æмæ уæд нæ цуры æрбалæууынц нæ хиуæттæ, нæ хæстæджытæ. Мæ хиуæтты ахаст æз кæддæриддæр æнкъардтон, æнæ уыдон æххуысæй мæ фæндаг куыд рауадаид, уый нæ зонын», – загъта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг.

Хицæн æргом здæхт цыдис сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты хиуæттæм. Сæргълæууæджы зæрдæ сын зæгъы æнтыстытæ, уæлахиз, хæдзармæ рæвдздæр сыздæхын. «Сæ ныййарджытæн та – сæрмагонд арфæйы ныхæстæ, ахæм хъæбултæ кæй схъомыл кодтой, уый фæдыл. Сымах стут стыр кады аккаг, уæ хъæбулты хъæбатырдзинадæй сæрыстыр ут», – загъта республикæйы разамонæг.

Сергей Меняйло ма 23 къайы схорзæхджын кодта «Уарзондзинад æмæ æууæнк»-ы майданæй. Ацы ран ма сæ амонд ссардтой сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг **Михаил Власов** æмæ **Дзусаты Эмилия**. Æрыгон бинонтæн арфæ ракодта РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**. Ацы бæрæгбон æмхуызонæй бæрæг кæнæм. Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон хайады нымæрдары хæдивæг **Едзойты Марат** партийы штабы **Габеты, Реуазты, Къадзаты** бинонтæн балæвар кодта Арфæйы фыстæджытæ æмæ дидинджытæ.

**РЦИ-Аланийы**
**Сæргълæууæг æмæ**
**Хицауады пресс-службæ**

**Фестиваль**

## Михаил Булгаков – Мариинаг театры сценæйы

**Фестиваль «Вахтангов. Путь домой» цæгатирыстойнаг театрдзауты дарддæр зонгæ кæны йæ репертуаримæ. Уый фæлгæты Мариинаг театры дзæуджыхъæуккаг хайады нæ горæты театрдзаутæ федтой Йошкар-Олайы М. Шкетаны номыл Драмæйы национ театры спектакль «Записки юного врача».**

Спектакль æвæрд æрцыд Михаил Булгаковы радзырдтæм гæсгæ. «Записки юного врача» æрыгон авторæн сты йе стырдæр уацмыстæн сæ фыццаг-дæртæ. Уыцы радзырдтæ æвæрд æрцыдысты спектаклы бындуры.

Театрмæ кæсджыты спектакль зонгæ кæны ссæдзæм æнусы райдайæны провинциалон рынчындоны цардимæ, æвдисы хъæуккаг царды зындзинæдтæ æмæ зонгæ кæны, низтæ æмæ мæлæт фыццаг хатт чи федта, уыцы æрыгон дохтыры хъуырдухæнтимæ, æнкъары, цард ыл цы бæрнондзинад сæвæрдта, уый. Булгаковæн уыдон сты йе 'цæг царды скъуыддзæгтæ. Нырма ныр йæ ахуыр чи фæци, уыцы æрыгон дохтыры бахъуыд, горæтæй дæрддзæф чи у, ахæм рынчындоны сæргъы æрлæууын. Фæлтæрдджын кæд нæма у, уæддæр йæ бæрнондзинад æнкъары æмæ архайы йæ хæстæ сыгъдæг цæсгомæй æххæст кæныныл. Алы бон дæр ын хæссы ног фæлварæнтæ, ног зындзинæдтæ.





Æмæ æрыгон дохтыр уыцы зындзинæдты, уыцы уæззау æнкъарæнты сæрты хъуамæ ахизын бафæраза, стæй, дæсныйад раст равзæрста æви нæ, уыцы фарстæн дæр дзуапп хъуамæ ратта. Гиппократы ардбахæрд ыл æвæры хæс – цыфæнды уæззау рынчын куы уа, уæддæр йæ низы дзæмбытæй ратоныны тыххæй цардимæ хъуамæ тохы бацæуа. Æмæ уыцы тохы алы уæлахиз дæр, фыццаджыдæр, у æрыгон дохтырæн йæхиуыл, йæ хъуырдухæнтыл уæлахиз. Тæссаг æмæ худæг, трагикон æмæ æнахуыр диссаджы цаутæ сæмхæццæ сты йæ царды.

Спектаклы сценæтæ сты ирд, музыкалон æгъдауæй – хъæздыг, дисы æфтауæг хъуыдыйæ – се 'дзаг. Æппæт уыдæттæ, стæй æнахуыр сценикон фæзилæнтæ тынг цымыдис кæнынц театрдзауты. Спектаклмæ чи æрбацыд, уыдон æвæлмастæй нæ баззадысты æмæ йæ фенынæй райстой стыр æхцондзинад.

**Сергей Щегловы** инсценировкæйæ спектакль сæвæрдта режиссер **Роман Алексеев**. Нывгæнæг-æвæрæг у **Сергей Таныгин**, костюмты нывгæнæг – **Надежда Рукавишникова**, музыкалон хайыл дзуапдæттæг – **Ролан Алексеев**, кæфтытыл – **Геннадий Бахтерев**.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ,**
**къамтæ систа**
**Татьяна ШЕХОДАНОВА**

**Парламенты Совет**

## Ныхас – Кировы районы социалон-экономикон уавæрыл

**Знон уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**



Амæй размæ депутаттæ кусæг былцы уыдысты Кировы районы æмæ хъуыддæгтæм бынаты æркастысты. Уымæ гæсгæ ацы хатт сæ ныхасы сæр уыдысты Кировы районы уавæр æмæ йæ социалон-экономикон рæзты бæрæггæнæнтæ. Советы уæнгтæ байхъуыстой уыцы фарстайы фæдыл, ацы аз районæн йæ размæ цы нысантæ æвæрд ис, стæй национ программæтæ æмæ проекттæ куыд æххæст кæнынц, уый фæдыл районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Батиаты Хъазыбеджы** раныхасмæ.

Куыд загъта, афтæмæй бынæттон разамынды хæс, раздæрау, у цæрджыты царды уавæртæ хуыздæр кæнын, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æххуысы мадзæлттæ аразын, нæ хæстон лæппутæн гуманитарон æххуыс æрвитын.

Ивгъуыд азы бюджет сæм рауад æфтиагджын, сæ æфтиæгтæ уыдысты 842,240 мин сомы, хæрдзтæ – 830,759 мин сомы. Уыимæ сын бантыст хи æфтиæгтыл бафтауын 25 проценты. Хæрдзтæн сæ фылдæр уыдысты ахуырад, фæндæгты арæзтад, социалон æмæ цæрæнуатон-коммуналон къабазыл хæрдзтæ. Дарддæр Батиайы-фырт бæстон æрныхас кодта хъæууон хæдзарады, социалон-экономикон царды иннæ къабæзты сын саразын цы бантыст, стæй, национ программæтæ æмæ проекттæм гæсгæ Елхот æмæ районы хъæуты цы арæзт æрцыд, ууыл.

Кировы районы экономикон рæзт цы уавæры ис, йæ дарддæры рæзтæн цавæр гæнæнтæ ис, уый фæдыл ныхас кодта Парламенты закъонæвæрынад, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Черчесты Аслан**. Депутат йе 'ргом фылдæр аздæхта, цы лыггæнинаг фарстатæ сæм ис, уыдонмæ. «Районы бюджет 1,5 милуан сомæй æфтиагджын кæд рауад, уæддæр уый фæрцы, æмæ республикон бюджеты æххуыс кæй фæфылдæр. Районы муниципалон хæс у 15 милуан сомы. Ис сæм, зæххы хъалон, куыд æмбæлы, афтæ чи нæ фиды, ахæм хæсдарджытæ. Æмæ семæ хъæуы кусын», – загъта депутат. Хорзыл та банымадта, национ проекттæ куыд æххæстгонд цæуынц æмæ уыдоны фæлгæты районы цы куыстытæ арæзт æрцыд æмæ дарддæр дæр цы нысантæ æххæст кæнынц, уый. Зæгъæм, цалцæггонд цæуынц фæндæгтæ, Елхоты арæзт æрцыд Культурон рæзты центр, Змейкæйы станицæйы аразынц скъола æмæ Культурæйы хæдзар.

Черчесты Аслан ма дзырдта, ивгъуыд аз район бабæрæг кæныны фæстæ сæ кусæг балцы фæдыл цы парламентон уынаффæтæ хаст æрцыд, уыдон сæххæст кæныныл. Йæ ныхасмæ гæсгæ, цæрæнуатон-коммуналон къабаз рацаразыны, фæндæгты цалцæг æмæ æндæр фарстаты фæдыл хаст уынаффæтæн сæ фылдæр æххæстгонд æрцыд. Фæлæ районы хъомыс у бирæ, уæлдайдæр агропромышленнон къабазы. Æмæ уымæ хъæуы æргом аздахын, сæйрагдæр та – кæсагдарынады къабазмæ.

Парламенты социалон политикæ, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ** ныхас кодта, социалон политикæйы фарстатæ районы куыд лыггонд цæуынц, ууыл. Депутат куыд загъта, афтæмæй æнæниздзинад бахъахъхъæнын æмæ царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны программæтæ æххæст кæнынæн фаг финансон фæрæзтæ нæй, диспансеризаци æмбæлгæ уагыл нæ ацыд, Иран æмæ Комсомольскы хъæуы фелсырон-акушерон пункттæ та нырыккон домæнтæн дзуапп алцæмæй нæ дæттынц. Реуазты Ларисæ ма ныхас кодта æндæр фарстатыл дæр.

Уымæй уæлдай, Советы уæнгтæ æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст республикон закъонты проекттæ æмæ закъонæвæрынадон хъæппæристæ. Уыцы закъонты проекттæй иу – «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон æвзæгты тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект. Æркæсынмæ йæм Парламентмæ бахаста республикæйы Хицауад. Документы нысан у ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæ бахъахъхъæнын, æппæтвæрсыг рæзтæн, стæй, барадон бындурыл сæ æмхуызонæй пайдагæнæн куыд уа, уымæн закъонæвæрынадон уавæртæ аразын.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

### Дзырды фарн

*Адæймагæн адæм – йæ хуызисæг,*
*Хуыцау – йæ тæрхонгæнæг.*

*ÆМБИСОНД*

Æхсæнад

# Ахуыргæнæн семинар

**Нæ республикæйы дарддæр цæуы «Хицаудзинад æххæстгæнæг оргæнты разамонджыты разамынд дæттыныл ахуыр кæнын»-ы проект.**



Хъуыддаг æххæстгонд цæуы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** хъæппæрисæй, цæстдарæг æм у РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг **Гобеты Ибрагим**.

Ацы хатт ахуыргæнæн семинартæ арæзт æрцыдысты Наукон библиотекæйы. Амыдта сæ республикон Æвзарæн къамис. Семинарты архайджытæн арфæйы ныхас загъта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæджы хæдивæг **Бясты Игорь.**

Разамынд дæттыны ахуыртæ ивгъуыд аз куыд арæзт цыдысты, стæй, ацы аз цы хуызы хъуамæ ацæуой, уый фæдыл йæ хъуыдытæ загъта Æвзарæн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ**.

Хицæн ныхас цыд фæсивæдон æвзарæн къамисы куыстыл. Ахуырты архайджытæ æрныхас кодтой æвзарæн процессмæ æрыгæттæн се 'ргом раздахыны фарстатыл.

Куыд зонæм, афтæмæй проекты нысан у разамынд дæттыныл ахуыргæнæн хуыздæр уынаффæтæн аргъ скæнын æмæ уыцы хуыддаджы фæлтæрддзинадимæ кæрæдзийы базонгæ кæнын.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**



«Курчатовы кодтæ»

# Зонындзинæдтæ кæстæртæм адæттын

**Цæгат Ирыстонмæ кусæг балцы ссыдысты мæскуыйаг уазджытæ – Курчатовон институты наукон-иртасæн центры кусджытæ. Ахæм бæрзонд æмвæзады специалисттæн сæ зæрды ис сæ зонындзинæдтæ кæстæртæм адæттын.**



Центр «Вершина»-йы байгом «Курчатовы кодтæ», зæгъгæ, сæрдыгон рад. Рады уæнгтæ зонындзинæдтæ исдзысты, бæстæйы наукæйы рæзт æмæ технологитæ чи бæрæг кæны, уыдонæй, фæхæстæгдæр уыдзысты сæ фæлтæрддзинадмæ. Скъоладзауты программированийыл ахуыр кæндзæн **Анатолий Кушниренко**, уый у ахуырадон информатикæйы хайады разамонæг, физико-мататикон наукæты кандидат. Информатикæйæ ныффыста бирæ ахуырадон литературæ, сарæзта программированийы хуыз «КуМир».



Ахуырадон хъуыддаджы йемæ сты **Миля Райко** æмæ **Анжелика Оханкина**. Нырыккон ядерон медицинæ æмæ радиологи амондзысты: **Олеся Родионова, Павел Ремизов, Дмитрий Петруня**. Проекты иумæйаг хæстæ йæхимæ райста **Кобегкаты Умати**. Курчатовон институты ахуыргæндтимæ фæмбæлд скъоладзаутæн ратдзæн, ахуыргæндтæ ныртæккæ цæуыл кусынц, уый базоныны фадат.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

Форум

# Фæлтæрты бастдзинад

**«Фæлтæрты хъæлæс: бинонты историйæ Уæрæсейы фидæнмæ» – ахæм форум конд æрцыд Æрæфы районы центрон библиотекæйы.**



Хъуыддаг сарæзтой территорион æвзарæн къамисимæ иумæ. Йæ уазджытæ уыдысты территорион æмæ районы хайадон æвзарæн къамисты уæнгтæ, фæсивæд.

Форумы æппæт уазджыты 'хсæн рауад хъарм æмæ зæрдæбын ныхас фæлтæрты бастдзинады тыххæй. Хистæртæ дзырдтой царды фæлтæрддзинадыл, æвзæрстыты ахадындзинадыл, граждайнаг бæрнондзинады тыххæй. Æрыгæттæ та æвзæрстыты цæмæн архайдзысты, сæ граждайнаг ахстбынаты фæдыл загътой сæ хъуыдытæ.

Экранæй форумы архайджытæм фæсидтысты æвзарæн хъуыддæгты ветерантæ, хистæртæ, дзырдтой æвзæрстыты историйы тыххæй, алы азты цæмæй бæрæг дардтой, уый фæдыл. Уымæй дарддæр, форумы архайджытæ æмхуызонæй сæ нæмттæ бафыстой «Царды бæлас»-ы, сæ бинонты историйы хай бахастой уырдæм. Уымæй равдыстой фæлтæрты бастдзинад, фидæнмæ тырнындзинад.

**«15 регион»**

Сæрдыгон фæлладуагъд

# Æмгæртты фембæлд

**Санатори «Тæмиск»-ы бындурыл æрвылаз фæкусы сывæллæтты фæлладуадзæн æмæ дзæбæхгæнæн лагерь «Звездная страна». Ацы бонты дзы сæ рæстæг хъæлдзæг æмæ пайдаджынæй æрвитынц Донбассы хæстæфхæрд сывæллæттæ. Скъоладзаутæн саразынц хъæлдзæг бæрæгбæттæ, аласынц сæ цымыдисаг балцыты Ирыстоны историон бынæттæм, кæнынц сын дзæбæхгæнæн процедурæтæ. Стæй Уæлладжыры комы сыгъдæг уæлдæф йæхæдæг æвдадзы хос у.**



Ныр та уазæг сывæллæттæн фæзынд ног æмбæлттæ.

РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйы** хъæппæрисæй семæ фембæлдысты, ирон æвзаг æмæ традицитæ ахуыр кæнын сæ нысан кæмæн у, уыцы этнокультурон лингвистон лагерь «Иры фидæн»-ы архайджытæ.

– Нæ республикæмæ ссæуæг алы сывæллон дæр хъуамæ йæхиуыл банкъара нæ узæлд, нæ рæвдыд. Донбассы сывæллæттæ æмæ «Иры фидæн»-ы æрыгон архайджытæ куыд дзæбæх архайынц, куыд балымæн сты, уымæ æхсызгон у кæсын, – зæгъы национ ахуырад æмæ æвзаджы политикæйы хайады хицау **Солтанты Джульеттæ.**

Сывæллæтты журнал «Ногдзау»-ы сæйраг редактор **Сæлбиты Дианæ** уыд бæрæгбоны кадджын уазæг. Се 'ппæтæн дæр байуæрста журналы ног æмæ цымыдисаг номыр æмæ сын зæрдиаг арфæ ракодта. Лагерь «Иры фидæн»-ы сабитæ сæ уазджытæн скодтой лæвæрттæ – Ирыстоны национ нывæфтыдтимæ рæсугъд бейсболкæтæ.

– Ацы лагерь æрмæст ахуыр æмæ фæлладуагъды бынат нæу. Ам нæ кæстæртæ банкъардтой, цы у æцæг хæлардзинад. Æрыгон чызджытæ æмæ лæппутæ сæ зæрдыл бадардзысты ацы æхсызгон рæстæг. Цæгат Ирыстон æмæ Донбассы нæ культурæ, æвзаг, зæрдæты иудзинад æмæ хæлардзинады хид у ацы лагерь, – загъта «Ногдзау»-ы сæйраг редактор Сæлбиты Дианæ.

Хъæлдзæгæй цы иумæйаг бон арвыстой, уый кæддæриддæр мысдзысты. Ахæм фембæлдтытæ ма сын кæй уыдзæн фидæны, уымæй сæ ныфс ис.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Алагиры районæй

# Сæ ныййарджытæй сæрыстыр уæнт

**Куыст æмæ бинонты царды мидæг нывылдзинады ссарæн ис æцæг амонд. Уыцы нывылдзинады бон у ахастытæ бахъахъхъæнын, æнкъарæнты сыгъдæгдзинадыл бацархайын. Афтæ у барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæ ГАЙТТАТЫ Зауырбег æмæ Зæлинæйы царды фæтк дæр.**

Сæ дыууæ дæр сты Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæ. Зæлинæ уыд хайады психолог, Зауырбег та Уæллаг Фыййагдоны участоччы пъæлицæйаг. Зауырбегæй йæ архайд домдта уæлдай къæрцхъусдзинад, туристты къордтæ Фыййагдонмæ арæх цæуынц.



Уыцы ран райдыдтой сæ иумæйаг æнкъарæнтæ. Зæлинæ куыд зæгъы, афтæмæй сæ 'рбаиу кодтой царды сæйрагдæр хæзнатæ. Сæ алчидæр сын стыр аргъ кодта æмæ кæны. Уый бындурыл сфидар ис сæ бинонты цæдис, рæстæгимæ йæ фидарæй фидардæр кæнынц. Гайттатæ сæ цард баиу кодтой 2018 азы, систы æртæ сывæллоны ныййарджытæ.

Марат, Елизаветæ æмæ Зелимхан сты сæ цæсты рухс. Кæд Маратыл нырма авд азы цæуы, Елизаветæйыл та – фондз, уæддæр сæ мадæн сты æххуысгæнджытæ. Зелимхан та нырма чысыл у, æмхуызонæй йæ уарзондзинад æмæ узæлдæй рæвдауынц. Бинонтæ куыд нымайынц, афтæмæй хæдзары кæддæриддæр хъуамæ уа хъарм ахастытæ, узæлд, уарзондзинад, фæллоймæ сабиты раздахыны фæтк.

Афтæ зæгъæн нæй, æмæ, барадхъахъхъæнæг оргæнты кусгæйæ, ныййарæг уæвын æнцон у, службæ бинонты цардыл зыны, фæлæ æппæт тыхстаг уавæрты сæрты кæрæдзи æмбаргæйæ хизынц. Кæд ныр Гайттаты Зауырбег Дзæуджыхъæуы пъæлицæйы фыццæгæм хайады хæссы йæ службæ, Зæлинæ та – Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады, уæддæр сæ бинонты цард нæ ивы, кæрæдзийы 'мбарынц, бахъуаджы рæстæг кæрæдзийæн сты ныфсы хос.

Уæдæ, сывæллæттæ нана æмæ баба хъуаг дæр не сты, ныййарджытæ сæ уæд сабиты хъомылад дæр вæййы нана æмæ бабайыл. Хæдзары ис хи фидар æгъдау. Бæрæгбоны иумæ 'рбадынц фынджы уæлхъус. Сывæллæтты райгуырæн бонтæ бынтон дæр цинæйдзаг вæййынц. Ахæм рæстæг æмбарыс, куыст кæддæриддæр куыст уыдзæн, фæлæ сæйрагдæр амонд ис хæдзары бинонты 'хсæн.

Разæй сæм æнхъæлмæ кæсынц службæйы бирæ азтæ, ног цинтæ æмæ бинонты царды уæлахизтæ. Гайттаты амондджын бинонты 'хсæн уадз æмæ рæзæнт Марат, Елизаветæ æмæ Зелимхан. Кæддæриддæр сæ ныййарджытæй сæрыстыр уæнт!

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

